

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu Naskah Palintangan ngadarkeun ngeunaan; 1) pananggalan, 2) perhitungan nasib, 3) perwatekan lindu dina bulan anu 12, 4) perwatekan samagah surya jeung candra, 5) tatanén jeung hahamaanana sarta cara nambaanana 6) lahiran, jsb.

Mun ditilik tina huluwotanna, Naskah Palintangan boh NP I boh NP II mangrupa naskah anu asalna ti Cirebon. Ieu hal kapanggih tina katerangan narasumber nu nyekel naskah NP I jeung katerangan anu nyampak dina naskah NP II. Sedengkeun kolénjér mah nepi ka dilaksanakeunna ieu panalungtikan raratanna teu kapanggih. Naha pangaruh Baduy atawa pangaruh daérah séjénna.

Dumasar katerangan nu boga naskah, ieu naskah NP I mangrupa naskah salinan. Éta hal dikuatan ku katerangan dina naskah anu ngajéntrékeun titimangsa penulisan, ditulis dina taun 01-06-1965. Sedengkeun NP II ogé mangrupa naskah salinan. Ieu bisa kapanggih alatan hurup anu dipakéna mangrupa hurup kiwari, nya éta hurup Latén maké éjahan heubeul.

Saluareun anu kasebut di luhur, anu leuwih ngantebanna, nya éta bahan anu dipaké dina naskah, ieu dua naskah ngagunakeun bahan keretas modern atawa kertas anu dipaké kabéhdieunakeun. Dumasar éta hal, ieu naskah digolongkeun kana naskah salinan.

Disawang tina jihat eusi, NP ngadadarkeun ngeunaan; 1) pananggalan, 2) perhitungan nasib, 3) perwatekan lindu dina bulan anu 12, 4) perwatekan samagaha surya jeung candra, 5) tatanén, hahamaanana jeung cara nambaanana, jrrd.

Sedengkeun kolénjér mah, boh perhitungan, boh eusina henteu bisa kabaca sagemblengna, lantaran aya bagian-bagian anu leungit atawa teu ditulis dina kolénjér, saperti halna tanda anu nuduhkeun pawaktuan. Sawaréhna eusi kolénjér anu bisa kabaca, nya éta; poé jeung naktuna jeung pituduh ngeunaan pernasiban, kayaning; pati, halangan, turuning sri, suwung, jeung rizki.

Éta warisan karuhun anu sipatna buhun, ilaharna dicekel ku tokoh masarakat atawa dukun. Rata-rata anu jadi babonna, nya éta NP lain kolénjér. Kolénjér teu pati dipaké lantaran kurangna regenerasi kolot baheula, kurangna karep generasi ngora, jeung rumitna dina cara ngagunakeunana.

Fungsi palintangan jeung kolenjer sabenerna lain ukur ngungkab perkara repok, waktu hahajatan, tatanén, jrrd., tapi mangrupa *iteuk* dina kahirupan anu ngatur jalma ti timimiti gubragna ka alam dunya nepi ka pungkasna umur. Sangkan dina ngambah kahirupan nu eukeur jeung nu bakal datang henteu nincak jalan anu matak picilakaeun. Sacara umum palintangan mah ngatur ha-hal anu sipatna kaduniawian. Anu matak pedaranna leuwih nekenkeun ngeunaan tingkah polah hiji jalama. Éta aturan-aturan diébréhkeunna dina wangun simbol atawa sasmita.

Kapercayaan kana hal-hal perhitungan nasib di masarakat Néngkélan (Ciwidéy Bandung), kiwari masih kénéh napak nepi ka bisa ngéléhkeun tinimbangan

nu sipatna rasional. Sedengkeun perkara-perkara anu sering diséndérkeun kana éta hal, nya éta perkara repok, hajatan, lahiran.

NP jeung kolénjér eusining téksna pinuh pisan ku tanda-tanda. Balukar tina éta hal, mangka NP jeung kolénjér dianalisis dumasar ulikan sémiotik anu leuwih nekenkeun kana tanda nu mangrupa indéksikal. Tanda indéksikal anu dianalisis dina NP jeung kolénjér, nya éta aksara palintangan, angka, kala, jeung pangaruh Islam.

5.2 Saran

Hasil tina ieu panalungtikan, aya sababaraha saran anu baris ditepikeun, nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Panalungtikan ngeunaan NP jeung kolénjér perlu dironjatkeun deui.
- 2) Panalungtikan NP jeung kolénjér dumasar pamarekan filologis jeung sémiotik, keur panalungtik séjénna kudu leuwih nyosok jero. Sabab dina ieu panalungtikan masih kénéh pinuh kukakurangan dina sagala hal.
- 3) Sangkan leuwih dipikawanoh ku balaréa, hasil panalungtikan NP jeung Kolénjér kudu dipublikaasikeun ka masarakat.